Нобэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху йокIуэкI

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№68 (21.726) ● 2010 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Кавказым зиужьыныи и джэлэс

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федераци мэкIэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и зэIущIэхуэ КъБР-м и Правительствэм и Уиэм мэлыжьыхьым и 16-м щрагъэкIуэкIащ.

ЧЕЧЕНОВ Хьусен зи унафэщI а комитетым щыщхэм нэмыщI, зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен,** щIыпIэ Парламентым и Тхьэмадэ **Чеченов Ануар,** КъБР-м и Хабзэгъэуэн Iэнатlэм и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым щыIэ **Кьэзэр Альберт,** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщ **Меркулов Александр,** республикэм и профсоюз зэгуэтхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Тау Пщыкъан,** РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщI **Иуан Петр,** Мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием и вице-президент **Лачуг Юрий,** Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, министрхэр, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я унафэщIхэр.

«Егъэджэныгъэр, щIэныгъэр, Iуэху зехьэкIэщIэхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ къэгъэщIрэщIэжыным я лъабжьэр зыфIащэ зэхьэхэм а унэтIыныгъэхэм ятеухуа Iэхъуэгъуэ куэд къыщыIэтащ. Абыхэм тепсэлъыхьащ зэIущIэр къызэIуэхьа **Кьанокъуэ Арсен,** ар езыгъэкIуэкIа Чеченов Хьусен, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федераци мэкIэ и Советым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым хэтхэр, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий,** нэгъэущIхэри. Зэхуэсым къыщаIэта Iуэхугъуэхэр зэпкъраха нэужь, абыхэм ятеухуа унафэ хэха кьащтащ.

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен зэIущIэ нэужьым щхьэхуэу яхуэзащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федераци мэкIэ и Советым и лIыкIуэ- хэм.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Тхьэмахуэ къэс

УФ-м и Правительствэм и вице-премьер, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федерал округым щIэ Хлопонин Александр ЕсэнтIыгъу зэIуIэ щригъэкIуэкIащ щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэрэпэщыным ехьэлIа Iуэхуэхэм теухуауэ. Абы щыIэхэсщI УФ-м и Уэншагъэр хьуэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и минис терствэм. Урысейм Лъжьыгъэмкlэ и министерствэм я лыкIуэхэр, округым хьхь щIыналъэхэм я правительствэхэм я Iэтащхьэхэр, щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэрэпэщ Iуэхуэщапlэхэм я унафэщIхэр. ЗэIущIэм щыIащ КъБР-м и Правительствэ и Унафэщ Жафэщ Меркулов Александрэ КъБР-м щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэрэпэщ Iуэхуэщапlэхэм я унафэщIхэр. ЗэIущIэм щыIащ КъБР-м и Правительствэ и Унафэщ Жафэщ Меркулов Александрэ КъБР-м щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ къызэрэпэщ Iуэхуэщапlэхэм я унафэщIхэр, Iэщlагъэлlэр, министерствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Бозий Натбий** зэIуIэр къызэIуихыу зытепсэлъыхьыгъэр щIыхуэхэм ящIэрэ нэужь, Къуэбэнlэ-Каспий псы управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Толгуров Малик** Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэм я Iуэху зыIутыгъэ ахэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэмрэ зэпкърихащ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм и псы гъэтIылъыгъэхэр псы ежэххэм, гуэлхэм, псы итыпIэхэм, мылыпхэм къызэрагъэпэщ. Псы ежэххэм километр 5470-рэ я кIыхьагъщ, ешыр-ешыру къэхъуа гуэлхэр 100-м щIегъу. Гуэлхэм я нэхъыбэм я щыгъкIэр яджакъыми, псыуэ щызэхуэхьэсар зыхуэдизыр наIуэкъым. Республикэм мылыпхэу 250-м щIигъу щыIэщ.

- ЦIыхухэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ псыкIэ къызэдгъэпэщын мурадкIэ, нэгъабэ хьуманIэхэм кубометр зы мелард рэ мелуани 109-м щIигъу къыхэтщащ, абы щыщу щыщIагъ псыуэ кубометр мелуан 71,8-рэ къыщIэтащ. ИлъэситI зэкIэлъыкIуэм экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кубометр мелуан 447,46-рэ къагъэсэбэпащ.

Толгуров Малик щхьэхуэу къытеувыIащ щIыщIагъ псыхэм я щытыкIэр зыхуэдэмрэ ахэр зэгъэзэхуэу къэгъэсэбэныныгъэ хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэм. Абы къызэрыхигъащэмкIэ, щIыхуэхэр зэфэ щIыщIагъ псыуэ кубометр мелуани 4-рэ мин 990-рэ зы жэщ-махуэм къыщIаш, арами жыпагъуэ щхьэхуэхэм, псом ящыуэ бгыпхэм щыIэхэм, ар тэмэму яIэрыхьэркъым. Мы зэманым жьэгъуащIэ щIыпIэхэм щыпсэу къуажэхэм я нэхъыбэм къыщагъэсэбэпыр псы ежэххэмрэ псынэпсэхэмрэщ. Ар санитар хабзэхэм къезэгъыркъым.

2008 гъэм и пщIондэм ирихьалIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIагъ псы гъэтIылъыгъэ здэщыIэ и щIыпIэ 21-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ. Абыхэм зы жэщ-махуэм кубометр зы мелуанрэ мин 33,1-рэ къатыфынущ.

Унагъуэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ папщIэ нобэ псы къыщащIыпIэу 13 къагъэсэбэп. Абыхэм я нэхъыбэр яуцIэпIынкIэ щынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэщ Налшык, Бахьсэн, Тэрч, Тырныауз къалэхэм, Нарткъалэ щыIэ псы хьуманIэ инхэр, нэгъэущIхэри. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, мэкъумэш хозяйствэ, промышленнэ Iэнатlэ куэдым я кIэрыхубжэрыхухэр тэмэму яхъуэмэркъым, псы щIэжэр ягъэкъабзэркъым, абы и зэранкIэ щыщIагъым щIэтхэм я фIагъым кIэроху.

Республикэм и бгылъэ щыпIэхэм псынэпс къабзэхэр куэду къыщагъэсэбэп хуэунущ. Ар кууэ яджмэ, мылъку лей имыхьу, зы жэщ-махуэм кубометр мини 100-м нэс къаIэрыхьэу Iуэхур зэтраублэфынущ.

- Псым и къабзагъэр зыхуэдэм дыкъэзыхуэреихь дунейм и щытыкIэр къыбжеIэ. Республикэм и псы хъуматIэхэм нэгъабэ псы ежэхьу кубометр мелуан 43-м щIигъу хагъэльэдащ. Абы щыщу кубометр мелуан 35-рэ фIейщ, тэмэму ягъэхъэбзакъым, 2009 гъэм зыуцIэпI кIэрыхубжьэрыхуу тонн мелуан 32-рэ псы ежэххэм хадзащ. Ар илъэ ита илъэсым зэрырхьуам елыытауэ тонн зы мелуанрэ мин 45-рэ мэхъу, - къыпсэлъэгъуащ Къэбэрдей-Каспийск псы управленэм и унафэщIым и къуэдзэм.

Республикэм щагъэкъабзэ ухуэнагъэу 18 щыIэщ. Ауэ абыхэмкIэ зэлэжьа псы ежэххэм я фIагъым арэзы укъищIыркъым. Псыхэр нэхъыбэу зыуцIэпIыр ЖКХ-мрэ промышленнэ Iуэхущапlэхэмрэ я фIей щIэжаIуэщащ, унагъуэхэм псы къызэхъам дакIуэ тепхьанкIийрщ. Цыхуэлбанэхэм, псыдзэ къыщыкIуэхэм а псори ялъэс, зэтрехьэри псыр Iуащ1э, къыщыхьдагъэуэх. КъыхэзгъэщIапlэ щыIапlэ самоуправленэм и Iуэхущапlэхэм дыкъэзыуужьуреихь дунейр хьуманым хуэфащэ гулъытэ зэрыхуэмыщIыр. Псы гъэжьабзапlэ куэдым я щытыкIэм арэзы укъищIыркъым, иджырей Iэмалхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къыщагъэсэбэныркъым. Ар щынэрылъагъущ «Бахьсэн псы бжьамий» МУП-м. Тэмэму зэрызэрамыхьам, и чэзум зэрыкIэпхъыыыпIам, зэрызэрамыгъэпэщыжам я зэранкIэ, ар и къалэным пэлъэщыжьркъым, и пкъыгъуэ псори зэтекъутэныкъуэщ, Iэмэпсымэхэм я пIалъэр икIащ.

Къэпсэлъам зэрыжиламкIэ, Май къалэм и «Псы кIэнауэ» МП-ми щытыкIэр щынэхъ щагъэуэхьым. Пэжщ, абы ухуэнагъэщIэ къыщыгъэжьащ, ауэ мылъкур къаза-ремэщIэкIым къыхэкIыу и кIэм яхунэгъэсыркъым. Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм и «Коммуналник» ООО-м зыри къыхэнжакъым.

Республикэм и псы ежэххэм спирт, крахмал предприятэхэм хэщIыныгъэшхэу ират. «Си къалащIэ» (Прохладнэ къала), «Докшукиное», «Русь» (Нарткъалэ), «Камад» (Шэджэм къала) ООО-хэми псыр ящIэпI.

- ЩытыкIэм зедгъэхъуэжын папщIэ, зы жэщ-махуэм псы кубометр мини 10 зыгъэхьэзэну ухуэныгъэм и япэ чэзур къедгъэжану ди мурадщ. Абы и проектыр «ВНИТМОЦШ» ОАО-м игъэхьэзыращ, - къигъэлъэгъуащ Толгуровым.

КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** зэIуIэм щхьацIыхулъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэр хьуманым, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыным теуухуауэ къызэрэпэщыныгъэ, техникэ, финанс, хабзэ я лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэу кIыпытэ чэнджэщхэр. Абыхэм къызэщIаубыдэ «Псы къабзэ» республикэ программэ хэхар и лъабжьэ зэфIагъэкIыну я мурадхэр.

Я Iуэху епIыкIэхэр къаIуатэу зэIуIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыщIагъ гъэтIылъыгъэхэр къэгъэсэбэпыныкIэ и управленэм и унафэщI **Емкъуж Альберт.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэр къэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и унафэщI **Бозий Зумадин,** республикэм экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущапlэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Чернышевэ Надеждэ,** «Налшык къалэм и псы бжьамийхэр» МП-м и унафэщIым и къуэдзэ **Щууей Арсен** сымэ, нэгъэущIэрэри.

Зэхуэсахэм здэдгъэзыуе зытепсэлъыхьахэм теухуа унафэ къащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Парламентым

Псым йогупсыс

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псы гъэтIылъыгъэхэр хъуэным икIи зэгъэзэхуэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр» - араща зытеухуауэ щытар КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ мэлыжьыхьым и 15-м ирагъэкIуэкIа зэIущIэр. Абы хэтащ къаIэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэр, Iуэхур зэгъэщIылIа Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, Iэщlагъэлlэр, министерствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

ДЗЭ **Натбий** зэIуIэр къызэIуихыу зытепсэлъыхьыгъэр щIыхуэхэм ящIэрэ нэужь, КъуэбэнIэ-Каспий псы управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Толгуров Малик** Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэм я Iуэху зыIутыгъэ ахэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэмрэ зэпкърихащ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм и псы гъэтIылъыгъэхэр псы ежэххэм, гуэлхэм, псы итыпIэхэм, мылыпхэм къызэрагъэпэщ. Псы ежэххэм километр 5470-рэ я кIыхьагъщ, ешыр-ешыру къэхъуа гуэлхэр 100-м щIегъу. Гуэлхэм я нэхъыбэм я щытыкIэр яджакъыми, псыуэ щызэхуэхьэсар зыхуэдизыр наIуэкъым. Республикэм мылыпхэу 250-м щIигъу щыIэщ.

- ЦIыхухэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ псыкIэ къызэдгъэпэщын мурадкIэ, нэгъабэ хьуманIэхэм кубометр зы мелард рэ мелуани 109-м щIигъу къыхэтщащ, абы щыщу щыщIагъ псыуэ кубометр мелуан 71,8-рэ къыщIэтащ. ИлъэситI зэкIэлъыкIуэм экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кубометр мелуан 447,46-рэ къагъэсэбэпащ.

Толгуров Малик щхьэхуэу къытеувыIащ щIыщIагъ псыхэм я щытыкIэр зыхуэдэмрэ ахэр зэгъэзэхуэу къэгъэсэбэныныгъэ хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэм. Абы къызэрыхигъащэмкIэ, щIыхуэхэр зэфэ щIыщIагъ псыуэ кубометр мелуани 4-рэ мин 990-рэ зы жэщ-махуэм къыщIаш, арами жыпагъуэ щхьэхуэхэм, псом ящыуэ бгыпхэм щыIэхэм, ар тэмэму яIэрыхьэркъым. Мы зэманым жьэгъуащIэ щIыпIэхэм щыпсэу къуажэхэм я нэхъыбэм къыщагъэсэбэпыр псы ежэххэмрэ псынэпсэхэмрэщ. Ар санитар хабзэхэм къезэгъыркъым.

2008 гъэм и пщIондэм ирихьалIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIагъ псы гъэтIылъыгъэ здэщыIэ и щIыпIэ 21-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ. Абыхэм зы жэщ-махуэм кубометр зы мелуанрэ мин 33,1-рэ къатыфынущ.

Унагъуэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ папщIэ нобэ псы къыщащIыпIэу 13 къагъэсэбэп. Абыхэм я нэхъыбэр яуцIэпIынкIэ щынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэщ Налшык, Бахьсэн, Тэрч, Тырныауз къалэхэм, Нарткъалэ щыIэ псы хъуманIэ инхэр, нэгъэущIхэри. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, мэкъумэш хозяйствэ, промышленнэ Iэнатlэ куэдым я кIэрыхубжэрыхухэр тэмэму яхъуэмэркъым, псы щIэжэр ягъэкъабзэркъым, абы и зэранкIэ щыщIагъым щIэтхэм я фIагъым кIэроху.

Республикэм и бгылъэ щыпIэхэм псынэпс къабзэхэр куэду къыщагъэсэбэп хуэунущ. Ар кууэ яджмэ, мылъку лей имыхьу, зы жэщ-махуэм кубометр мини 100-м нэс къаIэрыхьэу Iуэхур зэтраублэфынущ.

- Псым и къабзагъэр зыхуэдэм дыкъэзыхуэреихь дунейм и щытыкIэр къыбжеIэ. Республикэм и псы хъуматIэхэм нэгъабэ псы ежэхьу кубометр мелуан 43-м щIигъу хагъэльэдащ. Абы щыщу кубометр мелуан 35-рэ фIейщ, тэмэму ягъэхъэбзакъым, 2009 гъэм зыуцIэпI кIэрыхубжьэрыхуу тонн мелуан 32-рэ псы ежэххэм хадзащ. Ар илъэ ита илъэсым зэрырхьуам елыытауэ тонн зы мелуанрэ мин 45-рэ мэхъу, - къыпсэлъэгъуащ Къэбэрдей-Каспийск псы управленэм и унафэщIым и къуэдзэм.

Республикэм щагъэкъабзэ ухуэнагъэу 18 щыIэщ. Ауэ абыхэмкIэ зэлэжьа псы ежэххэм я фIагъым арэзы укъищIыркъым. Псыхэр нэхъыбэу зыуцIэпIыр ЖКХ-мрэ промышленнэ Iуэхущапlэхэмрэ я фIей щIэжаIуэщащ, унагъуэхэм псы къызэхъам дакIуэ тепхьанкIийрщ. Цыхуэлбанэхэм, псыдзэ къыщыкIуэхэм а псори ялъэс, зэтрехьэри псыр Iуащ1э, къыщыхьдагъэуэх. КъыхэзгъэщIапlэ щыIапlэ самоуправленэм и Iуэхущапlэхэм дыкъэзыуужьуреихь дунейр хьуманым хуэфащэ гулъытэ зэрыхуэмыщIыр. Псы гъэжьабзапlэ куэдым я щытыкIэм арэзы укъищIыркъым, иджырей Iэмалхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къыщагъэсэбэныркъым. Ар щынэрылъагъущ «Бахьсэн псы бжьамий» МУП-м. Тэмэму зэрызэрамыхьам, и чэзум зэрыкIэпхъыыыпIам, зэрызэрамыгъэпэщыжам я зэранкIэ, ар и къалэным пэлъэщыжьркъым, и пкъыгъуэ псори зэтекъутэныкъуэщ, Iэмэпсымэхэм я пIалъэр икIащ.

Къэпсэлъам зэрыжиламкIэ, Май къалэм и «Псы кIэнауэ» МП-ми щытыкIэр щынэхъ щагъэуэхьым. Пэжщ, абы ухуэнагъэщIэ къыщыгъэжьащ, ауэ мылъкур къаза-ремэщIэкIым къыхэкIыу и кIэм яхунэгъэсыркъым. Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм и «Коммуналник» ООО-м зыри къыхэнжакъым.

Республикэм и псы ежэххэм спирт, крахмал предприятэхэм хэщIыныгъэшхэу ират. «Си къалащIэ» (Прохладнэ къала), «Докшукиное», «Русь» (Нарткъалэ), «Камад» (Шэджэм къала) ООО-хэми псыр ящIэпI.

- ЩытыкIэм зедгъэхъуэжын папщIэ, зы жэщ-махуэм псы кубометр мини 10 зыгъэхьэзэну ухуэныгъэм и япэ чэзур къедгъэжану ди мурадщ. Абы и проектыр «ВНИТМОЦШ» ОАО-м игъэхьэзыращ, - къигъэлъэгъуащ Толгуровым.

КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор** зэIуIэм щхьацIыхулъхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэр хъуманым, щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныгъэ, техникэ, финанс, хабзэ я лъэныкъуэкIэ лэжьыпхъэу кIыпытэ чэнджэщхэр. Абыхэм къызэщIаубыдэ «Псы къабзэ» республикэ программэ хэхар и лъабжьэ зэфIагъэкIыну я мурадхэр.

Я Iуэху епIыкIэхэр къаIуатэу зэIуIэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыщIагъ гъэтIылъыгъэхэр къэгъэсэбэпыныкIэ и управленэм и унафэщI **Емкъуж Альберт.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэр къэгъэсэбэпыныкIэ и комитетым и унафэщI **Бозий Зумадин,** республикэм экологие, технологие, атом кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущапlэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Чернышевэ Надеждэ,** «Налшык къалэм и псы бжьамийхэр» МП-м и унафэщIым и къуэдзэ **Щууей Арсен** сымэ, нэгъэущIэрэри.

Зэхуэсахэм здэдгъэзыуе зытепсэлъыхьахэм теухуа унафэ къащтащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Щ1э

Адыгэхэр европей сурэтыщIхэм я еплъыкIэкIэ

Философие щIэныгъэхэм я доктор, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм ящыщ жылагъуэ лэжьакIуэ щIэрыIуэ Едыдж Батырай «Адыгэхэр XVII-XIX лIэщIыгъуэхэм щыIа европей сурэтыщIхэм я еплъыкIэкIэ» зыфIища и тхыдэ ныджиблагъэ къыдэжIам иращIэкI «Лъэтеуэмэрэ» Адыгэ хэкум, Кавказым и картэу иужьрей лIэщIыгъуитхум ящIауэ щытахэм я гъэлъэгъуэныгъэмрэ теухуа зэIущIэ щекIуэкIащ Мейкъуапэ дэт Лъэпкъ музейм.

АР КЪЫЗЭIУИХАЩ икIи иригъэкIуэкIащ Адыгэ Республикэм щIэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **ЩхьэлахъуэСветланэ.** Гуфlэгъуэ зэхьхьэр зытеухуам ипкъ иткIэ абдеж къыщыпсэлъащ АР-м и ЦIыхубз Зэхуэсым - Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Сабий Вячеслав,** Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгэ къэрал институтым и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Бырсыр Батырбий,** ДДХ-м, ЩIДДА-м я вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд,** Истамбыл щылажьэ Адыгэ Хасэхэм ящыщу Баларбаш хьэблэм щыIэм и пашэ **Нэгъуей Яшар,** АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ **Мэшбащ1э Исхьакъ,** тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, «лъэтеувэ» зращIэкI тхыльыщIэр дунейм къытегъэхьэным зи гуащIэ хэльхъэм ящыщ **Хьуэткъуэ Самир,** ЩIДДА-м и академик, филологие щIэныгъэхэм я доктор **БакIуу Хьанджарий** сымэ, нэгъэущIэрэри.

Жылагъуэ, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм, щIэныгъэлIэхэм зыкъызрагъэхьэлIа зэIущIэм апхуэдэу хэтащ хамэ къэрал къикIыжаиу Мейкъуапэ щыпсэу адыгэ куэди. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ адыгэм и тхыдэр нэхъыфIу джыныкIэ и тхылъым (нэхъ пэжу жыпIэмэ, пасэрей сурэтхэмкIэ зэхэсгъэува альбомым) мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Илъэкъэхуэдэу, мы гъэми мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ ди республикэм щокIуэкI жылагъуэхэр зэIуIэпэщ щIыным теухуа мазиг1ужьыгъэр. Иджыпстуэкlэ зэфIагъэкIыр мащIэкъым: къуэж, къалэ уэрамхэр ягъэхьаблэ, пщIантIэхэр зэдыдуах, паркхэмрэ скверхэмрэ зыхуей хуагъаз.

НОБЭ, мэлыжьыхьым и 17-м, екIуэкIыну республикэпсо щэбэт щIыхьэхур зытеухуари щIыпIэхэм къаблагъэр къыщыщэгъэпэщынырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр дэ зэхуэдэ уиэщ икIи зэпэщу, гуфlэхьу, гуакIуэу ар щытхузехьэнур зэуIуу делъжьмэщ. Республикэм щыпсэу псори щIыхьэхуэм жыджэру фыхуэтыну, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэтпыIухьным, гъэкъэбзэным фегугъуну фыкIыхуэдджэ.

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур мыгувэу къэралым Iэтауэ щагъэлъэпIэнущ. А гуфlэгъуэм зыхуэгъэхьэзырыным **38** Р-м и унафэщIхэм гулъытэшхуэ хуащI. Дэри ди къалэнщ а Iуэхур дэтIыгъыу махуэ лъапIэм хуэфащэу дыIущIэну. Зауэм и ветеранхэм къалэжь пщIэм хуэдиз яхуэтщIыну ди пщэрылъщ. ЩIэблэр тедгъэгъушхуэу уэрамхэр, пщIантIэхэр дгъэкъэбзэнщ, зэIуэпэщ тщIынщ. Ар Хэ-кум худи Iфы лъагъэуцы-гъэм и зы щапхъэ пыухыкIа нобжьыщIэхэм яхуэхьу-нущ.

КъБР-м Дыкъэзыухъуреихь дунейр хьуманымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ и министерстэ.

Уэрамхэр, пщIантIэхэр вгъэкъаб–

● Щ1алэгъуалэ

Зэныбжьэгъугъэр нэхъри ягъэбыдэ

нэхъыфIу зэрыцIыхуным, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным.

Iуэхур зэхаублащ КъБР-м Хьыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм ядэпэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр курагъэ университетым, республикэм и къалэ округхэмрэ къуажэхэмрэ я администрацIхэм.

Фигу къэдгъэкIыжьыщ 2009 гъэм зэфIагъэкIа мыпхуэдэ Iуэхум Лэскэн куейм щыIэ Арцыдан, Iуащхьэмахуэ районым хьхьэ Гундэзэн къуажэхэм зэрыхэтар. Абы къыкIуэм псорн щыгуфIыкIащ - ныбжьыщIэхэмрэ ахэр езыгъэзэгъэта унагъуэхэмрэ зэныбжьэгъу зэхуэхьуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, мыгувэу Арцыдан щыхасэнущ Зэныбжьэгъугъэм и жыгъэр.

БЕЖАН Беслъэн.

Мэлыжьыхьым и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщIэн щыщIадзэ «Бадзэ зэрыгъэхъуахэр» республикэ щIалэгъуалэ Iуэхур.

АБЫ ХЭТЩIилъэс 11 - 16-хэм ит ныбжьыщIэхэр. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ щIалэ, хьыджэбз цIыкIуэмкIэ унагъуэхэр зэхъуэжнурэ, махуи 5-кIэ зым и деж адрейр щыпсэнущ. Абыхэм щыгъуаз зыхуащIынуц щIыпIэм щыIзекIуэ хабзэхэм. Апхуэдэу ихъэр хэтынущ езыгъэблэгъа унагъуэм щекIуэкI Iуэху псоми.

Мы зэманым Бахьсэн, Прохладнэ къалэхэм, Хьэсэней, Урожайнэ, Солдатскэ, Яныкъуей, Хьэбзэ, Кременчуг Константиновскэ, Псыгунэ-гу, Балъкъэр Ипщэ, Сэрмакъ, Екатеринодрадскэ къуажэхэм ящыщ унагъуэ 34-м жаIащ мы Iуэхум хэтыну зэрыхьэзырыр, Шэм хэтъкыым адыгэхэр, Балъкъэрхэр, урысхэр нэхъ Iыву щыIэхэс жылагъуэхэм мыгувэу зэныбжьэгъугъэм и уэрам цIыкIуэхэр, жыг хадэхэр щыIэ зэрыхьунум. НыбжьыщIэхэр зыбыр адрейм и деж зэрыщыкIэщIэр щхьэпэнущ ахэр и ныбжьыщIэхэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным.

Iуэхур зэхаублащ КъБР-м и Хьыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм ядэпэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр курагъэ университетым, республикэм и къалэ округхэмрэ къуажэхэмрэ я администрацIхэм.

Фигу къэдгъэкIыжьыщ 2009 гъэм зэфIагъэкIа мыпхуэдэ Iуэхум Лэскэн куейм щыIэ Арцыдан, Iуащхьэмахуэ районым хьхьэ Гундэзэн къуажэхэм зэрыхэтар. Абы къыкIуэм псорн щыгуфIыкIащ - ныбжьыщIэхэмрэ ахэр езыгъэзэгъэта унагъуэхэмрэ зэныбжьэгъу зэхуэхьуащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, мыгувэу Арцыдан щыхасэнущ Зэныбжьэгъугъэм и жыгъэр.

БЕЖАН Беслъэн.

● КъБР-м и Парламентым

Псым йогупсыс

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псы гъэтIылъыгъэхэр хъуэным икIи зэгъэзэхуэным хуэунэтIауэ лэжьыпхъэхэр» - араща зытеухуауэ щытар КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэныныкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ мэлыжьыхьым и 15-м ирагъэкIуэкIа зэIущIэр. Абы хэтащ къаIэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къуэдзэхэр, Iуэхур зэгъэщIылIа Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, Iэщlагъэлlэр, министерствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр.

ДЗЭ **Натбий** зэIуIэр къызэIуихыу зытепсэлъыхьыгъэр щIыхуэхэм ящIэрэ нэужь, КъуэбэнIэ-Каспий псы управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Толгуров Малик** Къэбэрдей-Балъкъэрым и псы гъэтIылъыгъэхэм я Iуэху зыIутыгъэ ахэр къызэрагъэсэбэп щIыкIэмрэ зэпкърихащ.

Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм и псы гъэтIылъыгъэхэр псы ежэххэм, гуэлхэм, псы итыпIэхэм, мылыпхэм къызэрагъэпэщ. Псы ежэххэм километр 5470-рэ я кIыхьагъщ, ешыр-ешыру къэхъуа гуэлхэр 100-м щIегъу. Гуэлхэм я нэхъыбэм я щытыкIэр яджакъыми, псыуэ щызэхуэхьэсар зыхуэдизыр наIуэкъым. Республикэм мылыпхэу 250-м щIигъу щыIэщ.

- ЦIыхухэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ псыкIэ къызэдгъэпэщын мурадкIэ, нэгъабэ хьуманIэхэм кубометр зы мелард рэ мелуани 109-м щIигъу къыхэтщащ, абы щыщу щыщIагъ псыуэ кубометр мелуан 71,8-рэ къыщIэтащ. ИлъэситI зэкIэлъыкIуэм экономикэм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кубометр мелуан 447,46-рэ къагъэсэбэпащ.

Толгуров Малик щхьэхуэу къытеувыIащ щIыщIагъ псы гъэтIылъыгъэхэр псы ежэххэм я щытыкIэр зыхуэдэмрэ ахэр зэгъэзэхуэу къэгъэсэбэныныгъэ хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэм. Абы къызэрыхигъащэмкIэ, щIыхуэхэр зэфэ щIыщIагъ псыуэ кубометр мелуани 4-рэ мин 990-рэ зы жэщ-махуэм къыщIаш, арами жыпагъуэ щхьэхуэхэм, псом ящыуэ бгыпхэм щыIэхэм, ар тэмэму яIэрыхьэркъым. Мы зэманым жьэгъуащIэ щIыпIэхэм щыпсэу къуажэхэм я нэхъыбэм къыщагъэсэбэпыр псы ежэххэмрэ псынэпсэхэмрэщ. Ар санитар хабзэхэм къезэгъыркъым.

2008 гъэм и пщIондэм ирихьалIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIагъ псы гъэтIылъыгъэ здэщыIэ и щIыпIэ 21-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ. Абыхэм зы жэщ-махуэм кубометр зы мелуанрэ мин 33,1-рэ къатыфынущ.

Унагъуэхэмрэ Iуэхущапlэхэмрэ папщIэ нобэ псы къыщащIыпIэу 13 къагъэсэбэп. Абыхэм я нэхъыбэр яуцIэпIынкIэ щынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэщ Налшык, Бахьсэн, Тэрч, Тырныауз къалэхэм, Нарткъалэ щыIэ псы хъуманIэ инхэр, нэгъэущIхэ

Щхьэхуитыныгъэм щIэзэуахэм я фэеплъыр дохъумэ

● Текlуэныгъэ-65

Налшык дэта Ленинскэ еджапIэ кьалэ цыкIум (ЛУГ) 1924 - 1928 гъэхэм щыIэздеджахэу *(нэжьымкIэ хьащIыщIэзэуэу щыIэхэщ)* **Жьэхэмэжьыгъэ Тузер, КIэм Мэжид, (щыгъэ) КIэм Гуащэгъаеъ, тхыгъэм зыщытепсэльыхь бзыльхугъэ мыщIыхур.**

Ди кьэралым и пшыналъэ псоми мы гъэм щагъэльапIэ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэжа Хэку заущхьуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс 65-рэ зэрырикъур. ИпэжьипIэкIэ махуэшхуэщ ар, кьэрал унафэщIэм жыларыгъэмэ я деж гулытэ хэха хьащIыщIэлажьэ. Абы ирихьелIэу дэри ящыкIи зэ дигу кьыдогъэкIыж зи фэеплъэр псом щыгъуэмэ ди Iыхьлыхьэ, благъэ хэу Текlуэныгъэм зи псэр щIэзытахэр. Апхуэдэщ си адэ КIэм Мэжидрэ абы и кьэзыхэмрэ.

КIэм ЖЭМБОЛЭТ и щхьэкIи и унагъэкIи пщIэрэ зиIэхэу Кэнжэ (Кьуэзыщкьуэй) пщIэхэм ящыщ, Жамболэт и щIалэхэу Хьабый, Мэжид, Мухьэмэталий, Кьаней, Мухьэрбий сыиэ Хэкум лей кьыщытехьа лъэхьэнэ зэхуэмыдэхэм абы и кьыщхьэщыжакIуэ нэс хьуауэ щытахэщ. Си адэ кьуэщи нэхьыжь Хьабык Лыгъэ зэрихьэу хэтащ 1914 - 1918 гъэхэм екIуэжа Я1э дунейпсо зау зжыым икIи Георгий жорым и орденым и ещанэ нагъыщэр и бгъэм кьыхэлыдыкIыу кьинтеззэкауэ щытащ, 1919 гъэм, гражданг зау эм хэту, ар уIэгъэ щыхуэ щу хужьы-дзэхэмрэ дзэ плыжьмкIэ и зэпэщIэуэныгъэу Курп Ищхьэрэм и Iэгъуэблагъэхэм дежь щекIуэкIам, абыи илыкIыкащ.

Хэку заущхьуэр кьыщыхьеям щыгъуэ, Жамболэт и адрей щIалитIыпIр фашист зэрыпхъуэкIуэхэм япэуваеу щытащ. Дэфтэрхэм кьыдэрагъэльагъэмкIэ, ахэр бийм езэуащ, лIыгъэр хахуагъэрэ кьарэльагъэу, я псэ емыблэжу.

Гъаблэ гугъу, ауэ купщIафIэ кьитIащIащ си адэ Мэжид. Ар сабий дыдэу и анэр дунейм екIыжащ. ЩIалэ цыкIур унагъуэм ирахри си адэшхуэ Жамболэт и шыпхъу Бейдыку (ар Аушыджэр дэсащ, Бицу Мастафэ и щхьэгъусэу) иIапэу щытащ. 1902 гъэм кьыщыщIэрэзэу я ныбжьыр илъэсиЕ 9 хуэху, Мэжид и адэ шыпхъуи и деж щыIащ. ИтIанэ и адэм и унагъуэм кьаушжащ. Куэд дэмыкIыу зэщхьэм я шыпхъу закьуэ ФатIимэтIи дунейм ехьижащ. Абы и ужьыкIи яту зауэжьыр кьэхьейри, и кьуэш нэхьыкIь Хьабыки фронтым Iухьащ. Иджы быным я нэ хьыжь хьуар си адэрати, абы лъэкI кьимыгъанэу и адэм зыщIигъэкъуащ.

Гугъу екьыр зищIысыр пасэу зыхищIащ Мэжид. ЩIакхъуэ Iыхьэрэ и щIыпэр кьимыщу щитIэгъэн щыгъын тIэкIурэ фIэкIа нэгъуэщI лэжьапIэкIи имыIэу ар щыIэжьащ Iэщ куэд зезыхуэ я гъунэгъу ефэндым и деж. А IэнатIэр абы илъэс бжьыгъэкIэ ирихьэкIащ, абыкIи унагъэм исхэм ящэлэпкъ уу. ЩытыкIэ гугъум си адэр кьизышахэм ящыщщ абы и ныбжьегъу ЖьэхIэмыхъэу Тузер. Мэжидрэ Тузеррэ зы пшыкIэм кьалъхуат, тIурэ мэкIуэ мэшIащIэ унагъэщхуэм щыщт. Тузер Лениндкэ учебнэ кьалэ цыкIуэкIэ (ЛУГ) зэдзэу Налшык дэтам щыщIагъэтIысхьам, абы и ныбжьэгъуэр кьащтэныжьмкIэ сэбэп хьуащ.

Абыхэм я гъусэу а зэманым ЛУГ-р кьиухау э щытащ Къжъуи щыщ, Мэжид и унэкьуэщ КIэш Гуащэгъаеъ Исхьакъ и пхьум. Ах эр псори зэрыт дрэ тIэнэгъ уэщI бзыльхугъэ мыщIыхуи я гъусэу (хэт ищIэрэ, газетеджхэм ящыщ гуэрым абы и цIэр ищIэнкIэ хъунщ), сэ дэфтэр хьумапIэм кьыщыгъгъуэтыкауэ щытащ. Си адэм и гъусэу сурэтым итхэр кьэсщIащ. КьыззэрысхутамкIэ, еджэныр кьаухэ нэужь, си адэм ныбжьэгъуфIу иIа Тузер щIэныжьэ пэжыкIуэ щIэныгъэ зыхуэзащ. Зауэм лIыгъэ хэльу щыIэзуащ ар, иужькIи экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор ЖьэхIэмыхъэр жзуапльныгъэ зыпхьIу IэнатIэхэм щыIэжьащ, республикэм и Совнаркомым и унафэщIу, егъэджэныгъэмкIэ министр гу, пе дститутым и директор гу щытащ. Гуащэгъаеъ партым и обкомым кьулыкьу льагэ щиIыгащ, цIыхубэ советым и депутатхэм я ебланэ союзэпсо съездым лIыкIуэу щыIащ, СССР-м и ВЦИК-ми хэтащ. Абы и щIалэ Юрэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. Налшык щоIэ.

Апхуэдэ ныбжьэгъуэхэр иIэу ЛУГ-р ещхьIэныгъэкIэ кьиухащ си адэмри. Я1э щыкIэ ар кьуажэм щыIэхэт хозяйствэм щыIащ шыхэр гъээнымкIэ инструкторуу. Абы кьыдэлэжьащ ди кьуажэгъу уэхуГ Гуэрэшы Мэжид, Кьует (Дол) Мэжид, Кьущхьэ Хьэбашэ сымэ. ИужькIи си адэр яхьихащ совет властымкIэ мыарэзыуэ зыкъэзыIэта гупым ебэныну щIыпIэм кьыщIэзэрагъэпэща гуп щхьэхуэм. Абы хэту Мэжид кьулыкьу щищащ Дон Iус Ростов, Новочеркасск кьалэхэм. 1931 гъэм зэман кIэщIкIэ кьуажэм кьэжьэкри Гуэбэшы Башэ ипхуу Льост эхьан щхьэгъусэу кьиншащ. 1940 гъэм екIуэжа фин зауэм мазитIкIэ хэтауэ, Хэку заущхьуэр кьэхьеящ. Абы и ужькIэ и унагъэр Кэнжэ псынщIэу кьиншэкри, езыр зауэм дэкIащ, республикэм кьыщызэрагъэпэщу щыдэ пэкьым зэщ.

Нобэ хуэдэу сощIэж а махуэр, 1941 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 28-р. Мэжид езагъажьжэм я гъусэу сэри сашат Налшык и вокзалым. Абы щыгъуэм си адэр иужь дыдэу слъагъужу зэт ищIэнт... Заущхьуэм и мафIэм хисхьа мелуанхэм ящыщ щхьэ си адэ тхьэмащкIэри.

Шуудзэм и командирым гъэсэныгъэмкIэ и дэлэпIыкъуэгъуэ си адэ подполковник КIэш Мэжид. Дон Iус Ростов и Iэшэльашэхэм щыIэ гуБгъущхьэхэм махуэпмкIэ зыщIагъэсэ нэужь, полкыр зауэм Iухьауэ щытащ. Лыгъэ зэрихьэу ар щыIэзуащ Сталинградрэ Керчрэ я деж. И дыхьэпIэм щуудзэ полкыр щыIууащ нэмыцIэдзэм и танкэмрэ лъагэмыщдзэмрэ. Жырышым зыщхьэщыкIа пэмрэ щыIэзуащ. Си адэ

Сэ адыгэм срищІынальэщ. Сэ цІыхІугъэм срипщальэщ!

АДЫГЭ лъэпкъхэм ди бзэм зэтемыхуэ гуэрхэр хэтми, дэ псори дыдыгъщи, а зэтемыхуэхэм щхьэкІэ къымынэуи, тІурыІыр зы бзэщ. ЗэпэщІэу псэуныр натІэ зыхуэхъуа лъэпкъым кьэпсэльыкІэ зэхуэмыдэхэр зэрилэнуэм шэч хэлькьым. Ауэ абы къикІыркьым ди бзэхэр щхьэхуэу. Уеблэмэ нобэрей махуэм кьалэну кьытхуегьэув зым и кьэпсэлъыкІэм адрейм зыщыдгъэгъэзэн хуейуэ. КьищынэмыщІауэ, ди литературэрэи зэпэщІэтх хьунукъым, атІэ, зэрытхуэзэфІэкІкІэ, нэхъ гьунэгъуу зэтшэлІапхъэщ. Аращ кьызыхэкІар ксэ-

бэрдей адыгэхэм ди гьунэгъу дыдэ, хабзэрэ бзыпхъэкІэ зэрызэщхьэщыпхьи щІагъуэ щымыІэу дызытехуэ кІахэ адыгэхэм я литературэм щыщ гуэрхэр ди газетым теддзэну, кьухьэпІэмкІэ щыпсэу адыгэхэм я усакІуэ нэхъ пажэхэр фэдгъэцІыжну, абыхэм я тхыгъэхэхэм кьэбэрдей кьэпсэльыкІэмкІэ щыгъуазэ фытщІыну зыхэдгъэувыжа мурадыр. Ди газетым тетащ Адыгэ Республикэм щыщ усакІуэхэу Дербэ Тимур, МэшбащІэ Исхьэкъ, Кьуанкьуэ Налбий, Хьэдэгъэлі Аскэр сымэ я ІэдакъэщэкІэр. Нобэ фи пащхьэм идольхьэ Адыгеймэ и цІыхубэ усакІуэ Бэрэтэр Хьэмид (1931 - 1995 гъэ.) и усэ хэр. Тхыгъэхэр зи ІэдакъэщэкІыр дунеим ехьажами, абы адыгэ щыщ гуэрхэр ди литературэм щыщ гуэрхэр ди газетым теддзэну, кьухьэпІэмкІэ щыпсэу адыгэхэм я усакІуэ нэхъ пажэхэр фэдэ.

БЭРЭТЭР Хьэмид

Си къуажэжьым и хъыбар

ШІэдзапІэ

Толькъ унэхэр, толькъунэхэр...
Зэжьэхольэжьхэ, зоныкъуэкъухэ,
Хы тхъэрыкьуэр кьэрэгъул пэльыт эу,
КІийуэ псы гущІыІум щызольатэ.

Жьыжьэу упхьпльым, уафэ нэзыр
КьэкІуэтэхри, кьытотІысхьэ псым,
Толькъун, нэпхъэсфыщІым абы псэр,
Уи гъусэу сынэкІуэну сыкхъэзырщ.

Нэхулъэ пщэжІэпльыр кьыщищІым
СыкъэкІуащи мы тенджызэ ІэрыщІым,
Жэщым сыщыжекІэ си пщІыхьэпІэу,
Махуэм нэгум щІэмыкІыж нахуапІэу
ХэтІысхьакІэщи уахьтынэзу гум,
Щхьэм щызоуэ зы гупсысэ гуэр.

Узэгум имыщтэжьи папщІэ щыпІэр,
Естащ тенджызым сиІэ псом я фІыпІэр,
Бэвылъэ щІыр ищыныр си гугьапІэу.
Кьыхуэзгъэнащ си лъэпкъыжьым и

кхъэжьри,
Махуэ кьэс егъэнщІ тенджызыр Псыжьи.

Зэ т, юлькъунхэ, кхъыІэ, фымыпІащІэ,
Мис мыбдежьм, мис мыбдеж фи лъащІэм
ЩІэльщ си гуауэу фэ

фхуэмыгъэпщкІужьир,
Си жьэгу пащхьэу ноби

вгьэнынкІыфІыжьир,

Кьыщіоіукі фи льаб жьэм уэридадэу,
Си гущэкъу уэрэд сфІыгъэпывудыр...
Сфіигъэпщкіуащ, имыІэжу кьэгъаэз,
Сфіигъэпщкіуащ гущІэгъунэзу

тенджызым

Си адэжьхэм я унэр, жыг хадэр,

Джабэ нэкІуэ зэгуэрым льэс льагъуэу
Щыпхишауэ щытар сабиигъуэм...

Зи хэсэпсым си льакъуэр хэстхьэщІэ
ХьупІэшхуэ, алэрыбгъу пльыфэу
Тебгъуауэ щытари мы тафэм,
Щиильэфэжащ тенджызым и льащІэм.

Кьэсым мэкъуаугъуэм и эзманыр,
МэкъуауэлІым кьрильэнут гьунэр,
Щэуэджыдзэр жану щІиуІукІым,
Абы дильэжамэ и лэпланкІэр,
Льэбакъуэхъуэу ихьыпт и аргьынэр,
Уэрэд кхъыжриІэу адэ жьынэм.

Сэ сыщІалэжь щыкІу у, льапцІэрыщэу,
МэкъуауэлІ сыхьэныр сиІ гуращэ,
Кьысхэуэнкіи сымышынэу банэ,
Кьыззэхэзжьхьыфыпт тафэ пщІанэр.

А зэманым губгъуэм льагъуныгъэу
СигъэщІахэр ноби щоблэ си гум,
Абы идза лыгъэр си уэздыгъэу
Щысіыгъащ си балиигъыгъэ гъэгъум.

ФІэхьус ecxpи, тенджэз ныбжьыщІэм
СыіутІысхьащ, сыхэплъэну и льащІэм,
Кьыщыщэдзэ толькъунхэр си пащхьэм,
Нэщхьеягъуэр изгъэхужу си щхьэм,
Тенджыз ныбжьыщІэм

зыхуэзэмыгъэхамэу,

Сыхуэит сеплъыну, си гур зэІухауэ,
Толькъунх эр кьызэреуэм нэпкъ

щІэрыпсым,

Ягъэуздэлужьиу хуейуэ си псэр.

Иклащ адыгэхэр мы щІыпІэм,
Узгъм кьеплъыхьу иса вагъуэм я пІэ
Иувэну уэздыгъэ кьитгъэщІухэр кхъухьым
Кьэмыблэфыну зэи вагъуэм ещхьу.

Сльагъужкъым вагъуэ минхэу кьуажэ

щыгъ

КьызэщІагъаблэу исыгъар уафэгум.
Кьзблэжкъым ахэр, сэ кьысфІощІыр
ИгъэункІыфІа тенджызэ ІэрыщІым.

Кьыхэстхьыу си псэм, кьыщІитхьыу

си гум,

Тенджыз!
Уэстащ а псори,
Кьэзмыгъанэзу зыри.
Кьэнжэ закъуэр си гукъэкІыжырщ,
КърисІэтэыжу си гукъыдэжьир.



Сурэтхэр **ПОБЕРЕЖНЫЙ Юрий** *(Мэздэгу кьалэ) ящІащ.*

Кьэхуаи ар апх уэдэу, кьэмыхуаи.

Кьэзанокьуейм щагъажьэт щІакхъуэ,
Кьэзанокьуейм щагъапцІэрт щІакІуэ.
ЩыдэкІкІэ вакІу, ящІырт тхъэльэлъу.
А тхъэльэлъу макьыр идджыри мэІу.

Пэджэжу цІыхугъэкІэ цІыхугъэм,
Я гур пагьэІэщІэу хьэрэмыгъэм,
Я пщалъэ мардэу адыгагъэр,
Ирахырт, зы гъэм кьыкІэпыкІуэу зы гъэр.
Идджы а псори щІэльщ псы льащІэм,
Кхъухьыжьхэр щхьэщысыкІыу пІащІэу.

Адэжь щыналъэ хъыбарыжьу
ЯІуэтэжьинуэзм зэгуэрым
Кьыхэщыжьинущ кхъухь льэужьыр
Зэридзэу тету толькъун уэрым...

Кьэзанокьуей

СызыгъэгуфІэ, сызыгъэнэщхьей,
Кьэзанокьуей!
Щысчащ сэ яп э дыдэу льэр уи дей,
Зеиншэ гьащІэр
Щисхами уи куэщым,
Уэхуэхьури адэ,
Супсыхьати бгьуфІэ,
Уеблэм, кьыззэхуапсэу зэрыкьуажэу
УэиІэт сытым щыгъуи ныбжьэгъу пэжу.

Кьэзанокьуей!
ЗэдэткІуащ дэ тІуми зы гъэугъанэ,
Си псэр схуэпщІ зэпыту нэхъ кьулей,
СыпсэухункІи сщыщыбфащ гукьинэ
Псом нэхъри уэркІэ сызэрыпэхъ бейр.

Уи псы гъуджэм щыІуэ кьыхэплъэ
Дзэл тІэпІам сыщІэсу и жьауэм,
Япэу жысІа льагъуныгъэ псальэм
И ІэфІагъым ноби сегьэбауэ.

Кьыхсхуигъэнэхуу гьэзгу спэщылыр,
Кьыщепсым дыгъэр си щІынальэм,
Уэ гурилыкІуэу,
Кьэзанокьуей!
СфІощІ сыщІэкІуэу мы дунейм.

ЩІынальэ Іэджэм сешэ гьуэгум,
Дэнэ сыкІуами щІэтщ си нэгум
Си кьуажэр ноби, адэм хуэдэу,
Кьытеу бжьэпэм зигъэ ардэу,
ХуэощІыр кьуажэм ІэнщІэу пщІэ,
ИмыІэу льагъуныгъэм щІэ.

Си унэр, кІуажэм щымыхамэу,
Щызольагъужьир ди уэрамым.
Кьыстехьэльамэ гьащІэр мывэу,
Щыгуэрым щхьэ кьэсщтам гузавэ,
Тызогъэзэжьар сабиигъуэм
Кьэсльыхьуэжьину гу зэгъэгуэ,
Чэнджэщ, ущие кьыщыслъхьэуэ
СыхотІысхьэжьр псыхьэ пшахьуэм.

Кьыззэущиерт:
Гуэвэх
Умыхъ у,
Кьыумыщтэ зэи щхьэх.
Зэйуамэ кьабзэу уи псэр, уи гур
Кьэбгъуэтыжьыфынщ езым уи гъуэгур.
Щыхьумэ ем псэ хьэлэлагьир,
Іыгъыбгъ щІыхугъэр, льаагъуныгъэр...
Кьэхъуами куэдрэ щызиІа гукьанэ,
Кьытеснэфащ ар ззэнэкІа гъуэгуанэм.

ЖьыщІыхьэжмэ си нэгум,
Кьэзанокьуей!
Согъэзэж сабиигъуэм и хэкум,
Си щІалэгъуэм игъэхъа дунейм...
Си кьуажэгъуэхэм кьащІэхьуа

щІэблэщІэм

Я хьыбарыфІхэм сыкьагъэщІэращІэм,
Кьэзанокьуей,
Арп уэращ зи фІыщІэр.
А хьыбарэр дуней псом и щапхъэ у,
Згъэувынт ди зэманым и бзыпхъэ у.

Хьумэджий гуэлыр

Си гьащІэ псокІэ гуэл гьуэзэджэу
Кьинащ сэ си гум Хьумэджийр...
Зэхьэзохьжьир яІуэтэжу

Згъэгэр мыбдеж щысауэ кьуажэ.
Зы хьитІыру щыкІу гуэл курыкупсэм
Итщ гуэл толькъунхэр иІэ у кьуэпсэ у
Ильщ псыкум ар кхъуей хахагъащІэу,
Дыгъэм и бзийхэр кьедэхащІэу.
Псы щхьэфэ гьуджэм щощэнаУэ
Кьамылыр, псым тридзэу жьауэ.

Ди хьыбарыжьхэм сщащІэр зыкъ:
Псы щІагъым жэщкІэ кьыщІокІ кІий макъ.
Щысыгъауэ жаІэжьир мыбдежьм
ХьумэджийкІэ едджэу зы кьуажэ.
Махуэ гуэрым зы фызэ кьулейсыз,
Кьыхихьыну факьыпэрэ,
Кьыдыхьауэ жаІэжьр мы кьуажэм.
Щыгъыныджэт а фызыр, тхьшэт,
Щыхуэхэр кІуейсызым щымжьашэу,
Зы гущІэгъуэ я псэм щымыпуу,
Фыз тхьэмыщкІэр пщІантІэм кьщІахужьыр.
Езыхэр ныбэмэт, я ІутІыжьигъэ зу,
Щыужаехэу я псэхэр гущІэгъум,
Зэдэджэгухэр,
Джогъуэ я гур хэхъуэу.
Я сабиім
Кхъуей хьурейр
Кьыщрахуэжт щы топу псыхьуэ пшахьуэм...
Жгъэгужьейуэ игъэ тхытхэу щыкІэр,
Зэгуэрым зэуэ зэщІогъуагъуэ уафэр.
Кьуажэ льабжьэм щыззэгуокІыр щІыр,
Щы зэгуэжІам кьыщІоу толькъуну псыр
Зыжьэдельафэ абы кьуажэ псор,
ИгъащІэ псокІэ гущІэгъуншагъэр
Щигъэпщкіужьиу псым и толькъун

щІагъым!..

Ауэ сощІэжьир зауэ ильэс гуГъур,
Кьупщхьэ баш гъурыр щы гъущІам

трихьэу,

Щызэхэзеэрт ди щынальэм уэгъур.
ХьэндыркьуакьуэщІэнльэ удзыфэр
ЩыщэнаУэрт мащІэу псым и щхьэфэм.
ЩІалэ щыкІухэр псым хьыхьамэ, я льэм
ЗыкьыкІэрищІэрт

зэ льэдыркьуакьуэщІэнльым.

Мастэу кьыхэуэми я льакъуэм,
Икьуэми бдзапІэу псы диям,
Дауэ щытами цІэнльэ удзыфэр
Яхуэхьурт а зэманым щІакхъуэ,
Гьаблэ жажалым кьригъэлу.
Иджыри сыкІуэмэ я гуэлым,
Си гум кьокІыжьыр Хьумэджий
КьыгъэщІэгъар кьуажэ сабиім,
Кьыгъуихьыжат абы гущІэгъур,
Кьыгъхилъхьэжат цІыху льагъуныгъэр.
Щылъщ гуэлыр, ноби Хьумэджий
Кьыгъуохуэ куэдрэ дыщыхуей:
ИгъэгъущІауэ дыгъэ гуащІэм,
ЩІыгулъ кхъэпІэр кьытхуищІу,
Псы кьыщІэльэІуэмэ гуэдэ хьэсэр,
Кьыдет жьэпэнсу гуэлым и псыр.
Мыращ зыхуейр
Ди Хьумэджий -
Гуапагъэм имыІэну гьунэ.
ЦІыхугъэ тхэлъу ткІум гьуэгуанэр,
ТхъэмыщкІэр гъуэгум кьытедмынэм.
А псори щызольагъур уэ уи дей,
ГущІэгъуэ лы гуэл си Хьумджий!..

КІей

Льагъуныгъэм и бзийхэр япэу
Кьыщыстепсауэ щыта
Мы щІантІэм и уиэ бжэІупэм
Ноби зы кІей щыдокІей.

МэкІыр льэс льагъуэм бгьурытУ.
СыкІуэжмэ, кьишийуэ щхьэкІэр
Кьытопльэр гьуэгу нэІурытым.
Сэ кьыстежьэнькъ щхьэкІэ,
Кьудамэр кьызишэкІыну,
КІейм зигъэщхьамэ машІэу,
Сигу Іэджэ кьигъэкІыжьыну
Хуейуэ кьысхуогумащІэ.

Сэри кьоуэ нэхъ псынщІэу си гур,
ІэфІ гуэрым игъэщэрашэу.
Кьытохьэжьир аргуэру си гъуэгум
ГукъэкІыжьх эр кІапсэльэрышэ у.

СыщІэсу и жьауэм кІейм,
ЗгъэкІуэтэжьирт пщыхьэщхьэ пшэпльыр.
Выфэ гъуаУэ пхъашэ льэдийм
СедэхащІэурэ си Іэр дэопъэу.

СыщІэст кудамэбэ щІагъым,
СедаІуэр тхъэмэ я кьэбыщхьым.
Сегупсысу сызэрИыгъым
Льагъуныгъэшхуэм и хым.

Гум кьэкІыжыр т япэу жысІа псальэр,
Япэ дыдэу зэхэсха жэуапыр.
Кьысщыхуэт кхъсхуищІу и нэхульэр
Япэ льагъуныгъэм и насыпым.
СыщытекъэжкІэ си гъуэгу мывалъэм,
Гуапэу кьысхуишийрт кьудамэр кІейм:
«Уи пукъэкІыжхэм сэрэ дыныпполлъэ,
ПсынщІэу кьэгъэзэхи», - кьыжжиІэ

нэхьей.

Сыщепсыхьынущ куэдрэ иджыри
Зыщыщзгъэпсэхуну кІей жыг жьауэм.
СщІэркым, си псэр мэхъур гуэвэх -
Си щыхьхьэм джыдуэу макъ щызэхьэзох...

Япэ льаГъуныгъэ

Псыкупс и Іуфэм,
Хуэзэу нэхъ кьуажэкІэм
Щытащ би ди уэм кьыззэрыгуэкІыр.
А унэр куэдрэ, куэдрэ си гум кьокІыр,
УкьокІыр уэри си гум:
Сэ усльэгъуакъым Іэджэ щІауэ.
Дэздзыхьыу гьуэгум,
Кьэсльыхьэуэну жьауэ,
СыщІэтІысхьэнут уи щхьэгъубжэ

лъабжьэм.

Кьыззэущащэу, кьыкьуурэ акьужьыр.
Ауэ ди ныбжьэгъуэм защыдгъэпщкІу.
Дыдэсгунут зэ тІур гьуэрыгъуапщкІуэ.
Ди щхьэр зы щІыхупсэм кьедмыгъащІэу
ГьуэрыгъуапщкІуэр псоми ящыдбзыщІу.
ЗыщыщбгъэпщкІуаУэ щытми дэни,
ЩІэсщыкІыт щыри кьуэзмыгъанэу,
УкьыфІэнэнут занщІэу си нэм -

Кьэсльыхьуэр пэтми уи пльэкІэр,
Ерыщ уекІуауэ узблэплъыкІырт!.

СощІэж идджыри фІыуэ ди щІалэгъуэр,
ИкІыж имыІэу ижьихьащ ар си гум.
ЕджапІэр щытми тпэгъунэгъуу,
СыщыкьэкІэ згъэкІыхьырт сэ си гуэгур.

Кьемыуэ щыкІэ школ уэздыкьинэр
ПщэрджьжьыщІм дежь сынэст фи унэм,
Сежьэрт льэс льагъуэ куэбжэ щыкІур
Кьыщыкіыгъынум, гум кьепІэскІуу.
УкьыдэкІам, зэкІэльхьэжьу,
ЕджапІэм дунэтІащІэ дежьэрт.
ДыукІытэрт дыззэбгъурытыну -
Гу кьытІыат ам, ауан дащынут.
Зыдгъэпсэхуну уэздыкьинэм

дыщІигъэкІым,

ПщІантІэм сыдэт, сыньэт фи унэм,
Кьыстехуэм уи нэр эззэмызэ,
Гу фІгъэгъэм сищІырт щхьэунаэз.

Гъуэгу дапщэ сыт етами гьащІэм,
Вагьуэ пхыдзаэу нащхьэ кьищІу,
УхэлыдыкІыр т си кьэкІуэным.
Сыхиубыдам щымахуэ уаем,
Жьэгу мафІэу вагъуэм сэ зезгъэурт.

ДиувагъащІэу балигъыпІэ,
Кьытщыхьуажаэ ар пщІыхьэпІэ,
ПщІэжрэ Псыкупс и бжьэпэ льагъэм
Дытетыгъати зыдгъэлагэу?

Щэху зэхуэтІуатэм кьыщІэдэІурт псыр,
Ехьумэ псым а щэхур нобэ кьэс.
Щехьэмэр фІейм. Абы лъимыгъэІэс
Зы напэншагъи, игъэукІытэу псэр.

Сыт хуэдиз кьытхуэблэрэт хьуэпсапІэу,
Льагъуныгъэ сэхьир кІэщІэдгъакьэ у.
Уэгум итщІыхьыну лэгъупкьэ ур

Псэм щызэдгъэзахуэрт ди гугьапІэр.

Ауэ а зэманым хэтыт зыщІэр
Зэтрикьутэжу ди хьуэпсапІэр,
ГущІэгъунщІу кьыщІэкІыну гьащІэр?

СыткІэ сщІэнт сэ, уэри сыткІэ пщІэнут
Нэхьыжьхэм я унафэр ягъэзащІу,
НэгъуэщІ лъыхьу фи пщІантІэм

щепсыхьну,

Кьысхуащэну сэ нэгъуэщІ нысащІэ?

Ди щэхуэхэр кьытхуэмыщІупрэ нахуапІэ,
ХильэфэжакІэщ Псыкупс и куупІэм.
Зэман тельыджэр нэІурыт кьищІыжу
Кьытхуэнэжауэ диІэр гукъэкІыжырщ.
Йопль Псыкупсым, нобэ кьэскІи

хоплъэ

Нэщхьеифэ хьуа зэрыджей цІыплыр.

А зэрыджеЙм сыт хуэдэу дыдихьэхрэ т.
А зэрыджеЙр сытым хуэдэу дахэт?..

Иджы тызоиэ псым си кхъуафэжьейр,
Иджы сыщосыр псым си закъуэпщІий.
Уэ успэ жьыжьэщ, уэ дзщыІэр дэнэ,
ХьэльэІуэщ щысфІэкІуэдахэр си

гъуэгуанэм,

Иджы хэт хуэсІуэтэну си гукъанэр?

Псыкупс и курыкупсэм сыщыхэпльэм,
Сэ кьысщыхъуащ кьыхэпльу уи

фэепльыр...

Псыкупс и курыкупсэм деж

Кьэзанокьуей адыгэ жьыгжьым
Жьыжь кьыщохьэ и хьыбарыжьир.
Фхэуотхыкри ар зэрысщІэм тепу,
СфІэфІт фыкьеджэну абы, щІэблэщІэ:

Кьэзанкі эздж мэлыхьуэ лІыжьым
Сабий гуэр кьыщІгъэтат и унэм.
ГуфІэрт сабиншэ лэгъупэжьыр,
ЩІалэ щыкІур хунхьу и псэм, и нэм.

ЗэкІэлъхьэужьу, зэрыІыгъэу
Зэманым иришэкІырт гъэхэр.
Кьэзыльагъу псоми яГъэщІагъуэу,
Сабийм кьыщыкІырт щІалэ дэгъуэ.

Ар псэут мэлыхьэхэм я гъусэу,
ЩІэдэІуу я чэнджэщ, я псысэ,
Бгым щрибаэуэ хьэуа кьабэзэм,
Кьурышпсым ефэу зэнэзнэпсу.

ЩІэрыІуэ хьуауэ, чэнджэщакІуэ
Щыху щыкІур куэдрэ кьыхуэжьу ерт.
Зэхуоср, хэкум унафэ щащІыр
Жэбагъы хахьыу щхьэмыщІэу.

Зэгуэрым зэгъынэгъуитІ зэгъусэу
ТеХьащ гъуэгу анэ, кІуэну зекІуэ.
Зым и шыр дисмыдэ жь шыбЗ Іэсэт.

КьарапцІэт адрейр зытес и хакІуэр.
Пщыхьэщхьэм зекІуэлІитІ ешар
КьоувыІэ, жэщ загъэпсэхуну.
ЩІэзэкагьанэ мафІэр губгъуэм,
МэкъупІэм щІакІуэхэр щаугьэр,
Шы мэжжэлІахэрэ удзыпщІэм
ЩІалъхьэ, жэщым шыхуэ эдУэну.
ЗыкІуэщІашьхьыжькри щІакІуэм,
Езыхэр мэгъуэльльыж жеину.

Жеяхэу кьищІыхун нэхулъэ,
Нэхущым я нэхэр кьагъапльэм,
Мыхъуж я фІэщ яльагъу тельыджэр,
Ар яГъэщІагъуэрэ кьотэджьир:
ЩІыщІэ дэщІыгъуу хакІуэ кьарапцІэр
ЩІыхьуакІуэу хэтщ нэхущ удзыпцІэм.
АдэІуэкІэ кьщІытщІи шыбзыр,
Кьахоплъэ мохэм зззэмызэ.

Хьилэшы бзаджэт хакІуэр зейр
КьэкІаУэ игу зыгъэр, мэкІий:
- Елльыіуэт бЗдэу, си гъунэгъу,
Алыхьым дэ кьытхуещІ гущІэгъу,
Инщ Алыхьталэм и кьарур.
ХакІуэм кьезыгъэльэхуфІм шыщІэ
ЛьэмыкІын щыІэу сэ сымыщІэ!
Елльыт си хакІуэм кьыдищІам,
Ныжэбэ шыщІэ кьыскхуильхуам?

Ар егъэщІагъуэ шыбзыр зейм:
«Нэмысын псальэ Алыхьым дей
ЖумыІэ, кьытщыхуэнщ и ней, -
Хэт хакІуэ льхуэзу? зыльэгъуар?
Си шыбзырщ шыщІэр кьэзылъхуар!»

Зэгурымыіуэурэ зодауэ,
ИтІанэ зопсэльылІэ моуэ:
- Дыгъакіун Жэбагъы и деж,
Абы тхунщІынщ унафэ пэж.
ЗэгъэгъэзэгъэтІым я гукъеуэм
КьышІэдэІуащ гупсэхуу кьэкумыщІэр:
- Иджы, ныбжьэгъуэ, фымыпІащІэ,
Иджыпсту сэ сокІуэ Псыжь и Іуфэ.
АбыкІэ, жаІэр псым бдзэжьейр
Кьыхэкіри, кьытехьауэ тафэм,
ЯхьуэкІур хьуПІэм удзу ятыр,
МэкъупІэ кІырыр зэхэуэу
ХьуакІуэм апхуэдэурэ бдзэжьейр,
КьэсынкІэ хьунущ ар ди дей...

Ар егъэщІагъуэ хакІуэр зейм:
Дэ дыщыгъуазэщ уи Іущагъым.
Хьуакіуэ и хабзэкъым бдзэжьейм,
Щыпсэур ар, щышхэр псым и щІагъырщ.
Жэбагъы жэуап ирет а лІым:
ЩыщІэ кьыщІлъхуфакІэ хакІуэм,
Апхуэдэ кьыщыстехьуэфакІэ щІым,
Бдзэжьейр сыт щІэмыхьунур хьуакІуэ?

ТеукІытыхьыжу иупс пщІым,
ЩІалэжьыр зэуэ кьоохур цІыпль,
ЩІопхъуэжьир, эредзыжри хакІуэм,
ЗыппгъэІэщІэу лІы Іущ жьакІуэм.

Пэж дыдэу, ноби уафэ щІагъым
Щызокіуэ пцІы, кІуэ пэтми багъу эу.
Кьэзанокьуэм и Іущагъыр
ЩІэІу а ерт хэкум, яГъэщІагъуэ у.

ЩІэрыІуэ Жэбагъы зэрыхьур
Темыхуэу я гум,
Бенжь гуэрхэм
Хуагъакіуэ лІыкіуэ хьэжумыщІэм
Паубыду - дэ тхуэІуэхутхьэбзащІэ,
Сыт уэ фаныкъуэм кьапытхьынур,
Дэ пхуэтщІ унафэрщ бгъэзэщІнур.
Дэ, кьулейхэр, щІыгум дритету
ДыкьагъэщІащ мо дыгъэм, мазэм...
Ар пщІыфмэ я фІэщ тхъэмыщІкІэм
Удинэ-ди псэщ упсэухуКІэ.
Арыншамэ, дэ утщІынщи бий,
Нэху щІапІлъагъункьым мы дунейм...

ЕпцІыжьыфакьым Жэбагъы мэлыхьуэм,
Аргуэру пэжьір цІыхуэхэм

кьахуилъыхьэуу

Щыхуежьэм, сампІэимыхьэ

хьэкумыщІэр

Бий кІэрыуфЫщІ бенжьхэм кьащІыр.

Шимыльагъуэжьм Жэбагъы хэкІыпІэ,
ТогушІу э ар Іэпхъэну нэгъэущІ щЫлпІэ..
Кьэбэрдей льахэм щыпсэу и жьылагъуэр
КьыззщІеІэтэрн, тету бгы льагъуэм
Ирешажьэ и кьуажэгъуэр

насыпплыхьэу,

КьыззрензкІыр Тэрчыжь и псыхъуэр,
ЗэпрокІыр и толькъунхэм Псыжь.

А зэманым Псыкупс и курыкупсэм

мэзым

Пхыжт псыхъуэ нашжьашэм

зыщигъазэу...

Псыкупс деж зэрыщепсыхрэ

хьэкумыщІэр

Псы Іэджи екэхащ, дэкІащ зэман

мымащІэ.

Кьэзанокьуейм щыбзыгъэ жьылэм и

абгъуэм

ИрапІыкІащ лІы Іущу Іэджэ.
Жэбагъы и щІыхькІэ а жылагъуэм
КьэзанокьуейкІэ ноби йоджэ.

АдрыщІ цІэджэгъу

Зэгуэр, ирахури я щІынальэм,
ЯгъэІэпхъ уауэ Япэ щыщІэм,
Я адэ жь хэкум кьыхуеплъэкІыц
Мэпсэ у адыгэр, нэпс щІагъэкІыу.

Я хэжэс гьуэгу, гьуэгу у кьургьаКьым
Тетщ щІэ ту хамэм и бэракьым.
Бэракьым адэкІэ сыт пІьагъур,
Сыт щІэпІагъуКІыр бэракъ щІагъым?

Дээщ тхъэмыщкІагъэр я жылагъуэм
Хамэ щынальэм щыщхъэжагъуэ
Хэхэс жылагъуэхэм я дей
Ущщых уэзэнщу уи цІэджэгъуи,
Сэ си кьуажжь Кьэзанокьуей!

Бгы жьэгъуф щІэт Іуащхъэ уэгъульэм
Жьы пщтыр етар сыт щыгъуи хуэльэщ.
Гугъу щехьми цІыухэр а тырыу

Іуащхъэм,

Ихужкъым я гум адэжь кхъащхьэу
Хы адрыщІым кьыщынар,
Зэгуэр льэмыкІыу ябгьнар.
Хэт и бэлъхь мыбхъэм кьащихьар,
Хэт и гуэныхь хамэщІым кьэзыхьар?

ЯтІэ чырбыш унэ щІыбышэ
БжэІупэм Іусу лІыжь кхьахэ тхышэм
ШІеуІукІыр, ель хьэмфІанэр,
Трелъхьэри шыц цІыкІум уанэр,
Іэнащхьэм емыбжэі и хьэсэр
Ипщ Іэну губгъуэм докІыр пасэу...

А зэман дыдэм ирихьэлІэу
Машинэ льапІэм зыщІгъэлу,
Зы зиусхьэм, машинэр гьуагъуэу
Дехуэжри пщІантІэм, зигъэщІагъуэу
Кьыззхеплъыхь жыг хадэ дэгъуэр.
ЗэщІэлыдыкІрэ зигъэуардэу
Унэшхуэ гуэрн хэтщ жыг хадэм.

Я нэгум кьищу зэрышынэр,
КьыззэрыщІохьыр унэІутэр унэм...
Я щхьэр хуагъэщхьыурэ лІы бжьыфІэм,
ЩІашэжьр унэм тІэкІу яГъафІэ у.

Кьэзанокьуей!
Зэгуэр уи дей,
Уи губгъуэ у абгъуэм
Ита дэшхуейм
Кьыдэжьигъауэ щыта жьыгщІэм
И кьуэпсу сфІощІ
Мы хадэр кьэзыгъэщІэращІэр.

Ар сощІэ фІыуэ, си кьуажжьыщ
ЩІагъэтІылъар и унэ льабжьэр.
Уеблэм абы щІэт унэльащІэр
Уэращ эн фІыщІэр, уэрщ эн гуащІэр.

Кьэзанокьуей!
ПщІэж хьунщ -
Кьыщыхьыжауэ уэ езым урей,
Уи у эрамыщхьэм ѳеса цІыхуэ нэпсейр...
Аргуэрыжьэ ти ѳ хэхэс щІынальэм,
Нэпсеягъэр зэрыхэту и льым,
КьыщІэтыр хамэм и бэракьыр,
Тетхэм щытхьуу, икІыу и тэмакьыр...
КьыфІэІуэхукъым абы цІыху

тхъэмыщІэр,

И мылькум кьыхэхъуэху езыр щокІыр.

Мывалъэ защІэ я щІы Іыхьэм
ЩІхьэІэт ямыІэу телэжьыхьым
Кьинащ я гум уи щІы кІапэ,
Хэхэс гугьапІэр мыужьыхьипэ.

Зэманым зэи зимыІэ жьауэ,
ТхуищІами ахэр икъукІэ жьжьэ,
Я жьэгум ноби щащІмэ мафІэ,
Ягу укьокІыж, псэм ущагъафІэ!

Адэ къуэшым и хьэгъуэлІыгъуэм

Льапэрисэу кьихьауэ утыкум
НыбжьыщІэм джэгур кьыщІегъэпльэ и

льэгум.

ЩІым лъэІэс-лъэмыІэси льакъуэр,
И псынщІагъкІи жьыбгъэм

йонькьуэкъур.

Цей Іэгъуапитlыр,
Дамэ пэльытэу,
Хьуам, игъэзджьыджу,
Щызольатэ.

Ми гуГъэнщ льэтэну жэнэт бзууэ,
ПщІантІэм дэт уэрэдыр кьыдежьуэу.

Кьэзанокьуейм щІэзтыр ину
Нобэ адыгэ хьэгъуэлІыгъуэр.
ЕшэщІ емышу кьафэр пщІынэм,
Пшынауэм тІэкІуи зигъэщІагъуэу.

Зэрыхэкуу зэхуэса нэхьей,
ХьэщІэр дэмыхуэж Кьэзанокьуейм!
Мазэ ныкьуэу зегъэшыр пшынэкум,
Уэридадэр ноІу сыр уафэгум.
Хьуа кьэплар кьыззэщІгъачэу,
Щыгъажэ макьыу зэрольэпъ

пхьэщІычыр,

Уафэм вагъу эр кьизэрыгуауэ,
КьыщІодэІур джэгум и Іэгъауэм.
КьрихьэлІамэ гъуэгурыкІуэ,
Ирагъэблагъэ накІуэпакІуэу,
ІэщІагъуэрэр зэгъэшыр гьбжьэр,
Пэрашэ Іэнэм замыІэжьэу.

Кьожэх пщІэнтІэпсыр щхьэгъэрытым,
ЖримыгъэІэу мыкІуэмытэ.
Кьихьащ утыкум ажэгъафэр,
Пщащэ нэхъ дахэхэр кьиГъафэу.

Тхъэмадэр жьантІэм дэсщи, жьакІу эу
Іуэху псори дахэу зэрегъакІуэ.
Кьурышпсыр бгым кьельа нэхьей,
НыбжьыщІэм хасэ ильэмей.

Цей кІэкьуащІэр хьэуам
ЩІихурыщІкІыу
Хьэзыр сатырхэр
Цейбгъэм телыдыкІыу.
Пщащэ пыжьынэхэм, псы хуэм тес кьаз.
Іэдэбу джэгу утыкум зыщагъазэ.

Іыхьлыи, благъи, гъунэгъуи, жьжьи
Адэ кьъуэ щэм щохъуахъуэ нобэ,
Мыхьмуд и Іуэхум хуагъэІэижьу
КьыдэЗЕпыкъуэ, хэти и гуапэщ.

Си адэ кьуэшыр кьэзымыщІыху
Кьыдэбгъу этэнкьым кьуажжэм зы цІыху.
Мыхьмуд а псоми кьызэращІэр
Сытми хэзагъэ Іэпщ ІэльапщІэщ.

Зыгуэрым ищІмэ щІыхьэху,
Мыхьмуд абы псом яп э носыр.
ИмыІэ щІалэм зыгъэпсэху,
И Іуэхур и кІэм нимыгъэсу.

Си адэ кьуэшыр кьэзымыщІыху
Кьыдэбгъу этэнкьым кьуажжэм зы цІыху.
Мыхьмуд а псоми кьызэращІэр
Сытми хэзагъэ Іэпщ ІэльапщІэщ.

Мы хьэгъуэлІыгъуэр псоми эздай
ПфІэщІыну дех Кьэзанокьуейм!

ЩІашэжьину нобэ и гьунэм,
НысащІэр ирашэжьир унэ.
Щхьэтепхъуэм хьехуэхьж кьепхъыхьыр
Сабий цІыкІу гупым зэбграхыр.

ХьэгъуэлІыгъуэм и хьыбарегъащІэу
БдзапцІэнщэ кьэуалыжьхэми

зауэнщІыр,

Фальэр егъэнщІыр махъсымэ пІащІэм.

Мы махуэ тельыджэр кьыхуэмыгъэсу
Пэпльа анэ насыпкІфІэр унэм щІэсу
Иоплыр и насыпыр кьыззрысым,
ЩогуфыкІ лэгъунэм щІашэж нысэм.

Пъэмахуэ жэщым и мазэгъуэм
Хуэза хьэгъуэлІыгъуэр
Кьыззпеудыр нэхущ гъуом
Пэмыплъаэху кьигъэІуа макъ жагъуэм:

«Кьэхьеящ зауэ!..»

Псалъэ жагъунтІым кьальрихьа гуауэм
ЦІыху цІыкІум я щхьэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Псалъэжьхэр

ЛІы хахуэм и анэ гъыркъым

Унагъуэ умыхъуауэ, къуажэ пхуэзухэнукъым.

Шапсыгъ.

ЖьипІэну тынш щхьэкІэ, пщІэну гуГъущ.

Адыгей.

Псалъэ Іущыр мыпЛъкум я нэхъ лейщ.

Нэгъуей.

ЛІы хахуэм и анэ гъыркъым.

Къумыкъу.

ЗэГУЭРЫМ Асльэнымрэ Дыгъуэжымрэ зэхуэзащ.

Лъэныкъуэ зэрызригъэза хъуну щІыкІэр къыщыхуэмыщІэм:

- Сыткіэ сэбэп сыпхуэхъуфыну пІэрэ? - жиІэри, фэрыщІагъэшхуэ хэлъу, щхъуэжьым мэз пащтыхым зыхуигъэзащ.

- Си ныбэ изу сыгъашхи, сэ нэгъуэщІ сыт сыхуей, къыхуумышІа щхьэмыІэу къэсІыгъэнщ! Зэгуэр сэри сэбэп сыпхуэхъужынщ. Уи жагъуи зыми къеэгъэщІынкъым, - жеІэ и гуапэ хъуауэ Асльэным.

Дыгъужьри къэгуфІащ.

Асльэным и псалъэхэр пэжу къыгурыІуауэ щытмэ - ячэтхъэнур езыракъым. Арауэ щытмэ, Асльэным ныбэ хэт ищхынымри щхъуэжьым джекІэ мыхьэнэ лъэпкъ зимыІщ!

«Дауи, мыпхуэдэ ныбжьэгъу уиІэныр Іэхъу щІыкІыкъым. Абы и «нэлейм» щымышынэу зыри къыптегушхуэфынукъым. Сеузнщи, Асльэныжьым и нэфІ зыщызгъэхуэнщ, и ныбэ изу ныбэ зГъэшхэнщи, арэзы къэсщІынщ», - йогупсыс Дыгъужьыр икІи абы зыхуегъаз:

- О, зыусхьэн! УмыпланІщІэ къудей, сэ иджыпсту щэджагъуашхэ бэлыхь къыпхуэзэгъэпэщыныкъ! Мыбдежым тпэмыжьыжьэу зы Бажэ пшэр дыдэ щІыкІу щопсэури, мис ар уэзгъэшхынщ...

Ахэр жиІэурэ Дыгъужьым Асльэныр бажэгъуэм иришэлІащ. Асльэным и гуГъащ Бажэр и гъуэм тынш щІыкІу къриІъэфыфыну. АрщхьэкІэ, дэнэт! Бажэм и гъуэ ихьэпІэр зэзыІуэти, занщІэу къыхуилъэфакъым.

Асльэным и Іуэхур къыззримыкІынур щиІьагъум:

- Сэ гъэпцІагъэкІэ къыпхуисшынщ ар и гъуэмбым, - жеІэ Дыгъужьым, Асльэным и бампІэр езым къытрикъуэтэнкІэ къэшынауэ.

Дыгъужьым бажэгъуэм зригъэщІащ. Бажэ щІыкІри, зиГъэщІтащ, гъуэм исщ.

- Сыту нобэ уфагъуэ, си гъущ-нэгъу дыщэ, къыпщыщІаІа? - жеІэри, фэрыщІу йоупщІ абы щхъуэжьыр.

- Сыт тельыджэ мы жыпІэр, сыузынШэ нэхъ лажьэ сиІэкъым. УкъыщІэкІыгур къыщжеІи нэхъыфІщ, - къиІьащ Бажэ къилэшыр. Икіи йогупсыс:

«Зэи хуэмыдэу, мы щхъуэжьыр нобэ бзэІэфІщ, сыт мурад иІэу си деж къэкІыгуэ пІэрэ? Дапхуэдэу мыхъуами - сысрахъшынщ.

Пэж дыдэу, дыгъужьыр бзэІэфІщ, зыкъыхуегъэщІыкІафІэ. Умыделэу щытмэ, Асльэным хуэдэ ныбжьэгъу зыІэщІэбгъэкІ хъурэ?! Абы езым япэ къэсыр игъэныбжьэгъуэкъым. Аращи, Дыгъужьым зыззримыщІын Іэджэу зэщІ.

- Сэ сыдохутыр Іэзэщ, сольагъу уэзрысымаджэр! Уфагъуэщ, уи фэм уитыжкъым. Абы и щхьэусыгъуэри - куэд щІауэ хьэуа къабзэзэм уэзрыхэмытарщ. Накіуэ, жьы къабзэкІэ дыбэуэнщ, къэткІухьынщ. Пльагъункъэ, нэхъыфІ укъэхъужьынри хэлъщ.

Дыгъужьым куэд щІауэ и нэ къикІырт Асльэныр и тельхъэ къищІыну. ИщІэрт, нобэ хуэдэ Іэмал етІуанэ гъуэгу зэримыгъуэтыжьынури, хуэзфІэкІ къимыгъанэу бажэжь щІыкІым еубзэрт. АрщхьэкІэ, модрейми зыри зэхихыну хуейтэкъым.

- Пэж дыдэу, сщІэнур сымыщІэ. Дыгъуасэ Уашхэр си деж щІыхьэщІа къудейІу аращ. Ар зэрыдохутыр Іэзэри уэ уощІэ, си гъунэгъуажь. НтІэ, абы къызжиІащ, гъуэм симыкІыу нэхъыбэІуэрэ сисмэ, си уэнщагъэм ар куэдкІэ сэбэп хуэхъуну.

Апхуэдэ псалъэхэр Дыгъужьым игу ирихьынт? И дзэлыфэр итІу хуежьащ.

- Къыдэ, уи дзэхэр зэрыбгъэшхыурэ, сумыгъэшынэ, - йолъэІу Бажэр хьэщІэм.

Щхьэхъжьым зэрыщІыуар псынщІэу къищІэжри, ифІ зыкъришэжу мыпхуэдэурэ жеІэ:

- СыгушІыауэ аращ, си гъунэгъу щІыкІу, тхьэм щхьэкІи, уи гум иумыгъэжалІэ.

- Уэ уэзрысымаджэр уи фІэщ мыхъумэ, сэ иджыпсту нэгъуэщІ дохутыр къыпхуэсшэнщ. Ауэ, неІэмал, ари гуІуэ ихьэпІэр зэвыІуэщи, ар мыбы къэпщхьэфІкІуэнукъым. Гъуэ ихьэпІэр тІэкІу нэхъ ин щІатэмэ, дыкъэпщэхужат, - жеІэ Дыгъужьыжьым.

Щхъуэжьыр фІырыфІкІэ къыззрымыкІуар, фІырыфІкІи зэрымыкІуэжьнур Бажэм къыщыгурыІуэм, мыпхуэдэу жеІэ:

- Хъунщ-тІэ, ныщхьэбэ фыкъакІуэ! АпщІондэху сэри гъуэ ихьэпІэр нэхъ бгъуэ сщІынщ.

Дыгъужьыр арэзыуэ гъуэм къипщыжащ:

- Ди Іуэхур фІы гуэр хъунущ, Зиусхьэн! Бажэм и гъуэ ихьэпІэр ныщхьэбэ нэхъ бгъуэ ищІынну сыкъыгъэгугъащи, къытедгъэзжмэ, кІэ къыхуэбгъэкІуэнщ.

Бажэр къызэрыгуэкІ цыкІытэкъым, атІэ хьилагъэшхуэ зыхэлъ псэущхьэт. Куэдрэ мыгупсысуэ, гъуэ ихьэпІэр нэхъ бгъуэ ищІащ. Абы къыдэкІуэу, гъуэ ихьэпІэм хуэзэу мащэшхуэ къиритыкІри, къуаду-чыцэ хуэфІу трилъхьащ.

Модрейхэри, хьэзырти, замыІэжьащэу, къэсащ.

- Ярэби, сыту делэ цІыкІу мы Бажэр! Пэж дыдэу, и гъуэ ихьэпІэр нэхъ бгъуэ ищІащ... къэгуфІащ Дыгъужьжьыжьыр.

Икіи, абы хэту, бажэгъуэм тІури зэуэ щІипкІэм, мащэ хъэзырыр ищэтащ.

- Бзаджэнаджэ, - къэгуэхъуащ Асльэныр. - Уи делэгъащ мы мащэм сыкъыщІихутар, - жиІэри зэ гъэгуэкІэ Дыгъужьым и псэр хиудащ...

Зэзыдзэкіар

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Сабийхэм факъыдеджэ

Мэз таурыхъ

(Индонезие)

Къанокъуэ Неля Забир и пхъум нобэ егъэлъапІэ ильэс бжыгъэ дахэ зэрырикъури, сыт щыгъуи зыхуэгумащІэ и унагъуэр, пщІэшхуэ хуэзыщІ и благъэхэр мыпхуэдэу дехьуэхьуну дыхуейр:

Цыхухэм я узынщагъэр хъуэмэн Іэщагъэм ильэс куэд хьуауэ хуэгъэк ди щыпхъу, ди мамэ псэ кьабзэ! Махуэ кьэс мыпхуэдэ псальэхэр зэхедмыІэфми, ди гур пхуэІэфщ, дрогушхуэ уи дуней тетыкІэм, уи хьэл-щэн дахэм.

Уузыншэу, цыхухэм уаэзрыхуэупсэ гуапагъэр мин бжыгъэкІэ бзэгъауэ къыпхъхьэжьу, узыщІэхъуэпс псорн кьоХъулІэу, гурыфІыгуэ ущымыщІэу, уи щІэблэм я зэфІэкІым уи льэр нэхъри жан дэхъуу ильэс куэдкІэ Тхъэм уигъэпсэу!

Уи щхьэгъусэ Арсен, уи къуэ Асльэнрэ уплъэу Маринэрэ, кьыбдалъхуахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, уи благъэхэр.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и етІуанэ хирургием и хирург **Ует Тимур Хьэсэнбий и къуэм** дохъуэхъу и кандидат диссертацЭр академик Петровский и Іэр зезыхъэ РАМНІ-м и урысей щІэныгъэ центрым екъуІэныгъэ иІэу зэрыщыпхигъэкІам папщІэ.

И благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ.

●Хъуэхъуэр

КъБР-мрэ Корее Ипщэмрэ я зэпыщІэныгъэ

●Спорт

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ, КъБР-м тхэквондомкІэ и федерацэм и попечительскэ советым и Іэтащхьэ Чеченов Ануар, Сулан къаІэм тхэквондомкІэ и федерацэм и унафэщІ Ю Киль Хо, КъБР-м тхэквондомкІэ и федерацэм и президент Щокъарэ Азрэталий, университетым и ректор Шінь Хонь Му сымэ.

СПОРТ лІэужьыгуэ куэдым зегъэужьыным, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр кьыдэгъэпэщынымкІэ гупсысэ зэхуэдэ щІэзэманым увыпІэ щхьэхуэ щебыд тхэквондом. КъБР-м тхэквондомкІэ и федерацэм и президент Щокъарэ Азрэталийрэ попечительскэ советым и унафэщІ Чеченов Ануаррэ ахуэзфІэкІ къагъанэркъым а спорт лІэужьыгуэм республикэм зыщеГъубгъунымкІэ.

Ди лъахэм щолажьэ тхэквондомкІэ тренер лъэрызехьэ, Корее Ипщэм щыщ Бак Чон Су. Иджыпсту гъэсакІуэмрэ абы и дэІэпыкъуэгъуэмрэ курыт школхэм щІэс ныбжьыщІэхэм кьыхах командэм хагъэхьону щІагъэ щыкІуэхэр, кьыщынэмыщІауэ, еджапІэхэм секцэ щхьэхуэхэр кьыщыщэрагъэпэщащ.

КъыжьыІапхъэщ тхэквондомкІэ Іэзэ хъуа спортсмен гуп дыззриІэри. Ахэр Корее Ипщэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм хэтащ икІи щытекІуащ. Иджы, мэлажьыхьым и кІэм, Мейнкъуэп щекІуэкІыну урысей-псо спартакиадэм я зэфІэкІ щагъэльэгъуэнущ.

Тхэквондом и лъахэм, Корее Ипщэм, щекІуэкІа зэхьэзэхуэм зэрыхэтам нэмыщІ, абыхэм гъэщІэгъуэн куэд ялъэгъуащ, дзэлихьэх спорт лІэужьыгуэм и щэхуэхэр кьащІащ. Апхуэдэуи КъБР-м и Парламентым и Унафэщі, КъБР-м тхэквондомкІэ и федерацэм и попечительскэ советым и Іэтащхьэ Чеченов Ануар лэжьыгъэ пыухыкІахэр иригъэкІуэкІащ Корее Ипщэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ студентэмкІэ зэхуэдизкъ ящІэ университетэм зэхьэзэхуэ щызрагъэгъэтыным хуэунэтІауэ.

ШЫПШ Даянэ.

КъБР-м тхэквондомкІэ и тренер нэхъыщхьэ Бак Чон Су *(яку дэтыри)* **ди республикэм и командэм хэтхэм я гъусэу.**

●Псэущхьэхэр



Вискашэ

Мы псэущхьэр щІы щІагъым щопсэу. Абы и гъуэр метр 200-м нэскІэ щыщІитІыкІ кьохьу. Езым килограммэ 7 хуэдиз и хьэпІагъщ. Абыхэм къащІэхьуэхэм гъуэр нэхъ куу е нэхъ кІыхь, нэхъ бгъуэ ящІ.

Пшапэр щыззэхуэум деж япэу гъуэмбым кьикІыр хьуращ. Ар мэтІысри, гупсэхуу Іэгъуэблагъэр кьыззхепльыхь. ИтІанэ гъуэм исарейхэри кьокІри, машхэ. Вискашэхэм къэкІыгъэхэрщ яшхыр.

Гиббон

КІапэ зыпымыт номин мыинщ. Азием и Ипщэ-КъуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыІэ мэхэм щопсэу. Зи гугъу тщІы номинымы и лъакъуэхэмкІэ къудамэхэм ыцІэщІыгуэр жыгъыщхьэхэм къыщекІухь.

ПхъэщхьэмыщІхьэхэр, тхьэмпэхэр, къуалэбзухэм я джэдыкІэхэр, языныкъуэ хьэпщхупщхэр и шхыныгъуэщ. ИльэхтІ-щы къэс зэ щІэжьей къащІэхьуэ? арарэ, абыхэм ятеплъэкъуэкІыркъым.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

●Сабийхэм факъыдеджэ

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** Урысей Федерацэм и цыхубэ артист, ЩоджэнщІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакІуэу щыта, «ГушыІэ махуэ апщий!» фестивалым илъэс 18 хъуауэ зи цІэр зэрихьэ актер цІэрыІуэ. **3.** КІыщокъуэхэ Рашид, Алим, нэгъуэщІ цІыху цІэрыІуэ куэди кьызыдэкІа къуажэ. **7.** ЗимыІэм пхуемыт, къыпхуэмыщэху, зиІэхэми пхэнж, хуэныкъуэ къахэкІ. **10.** Мэкъу, хьэцэпэцэ хуэдэхэр зэрыпаупщІ Іэмэпсымэ. **12.** НысащІэр япэу и дыщым зэращэж. **13.** Щхьэнтэ нэхъ щабэхэм иралъхьэ цы. **14.** ТхылъымпІэ Іувым кьыхэущІыкІауэ тхылъым тралъхьэ. **15.** Илъэсищым ит щыщІэ. **18.** Къуэм, дэлъхум, кьуэшым я щхьэгъусэ. **20.** ЩІыпІэ сэтей, тафэ, гъавэ щІапІэ. **22.** Псалъэхэр уэрэду жаІэу екІуэкІ спектакль. **23.** Хьэмащэрэ Къармэхьэблэрэ яку дэль гъэмахуэ хъунІэ. **24.** Артистхэм зыкъыщагъэлъагъуэу театрым щыщ Іыхьэ. **21.** «... щалъху йолэж» - адыгэ псалъэжь. **26.** Фадэ гуащІэ. **27.** Іэуэлъауэ макъ. **28.** Куэзырыр зэригуэш зэмылІэужьыгъуипІым ящыщ зы. **29.** ХІХ лІэщІыгъуэм псэуа, Италием и композитор цІэрыІуэ. **31.** Гурыльт Іей зимыІэ, хьэлэл, нэщэнэфІ зыхэль. **32.** КъурІэным фІэкІа нэгъуэщІ тхылъхэр хьэкъзыщымыхьу. **33.** Мэлым кьытращкІ цы щабэ. **34.** Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артисткэ, адыгэ киноактрисэ цІэрыІуэ. **35.** Адыгэхэр балъкъэрхэмрэ осетинхэмрэ зэреджэ.

Зэхэзыльхьар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Мэлыжьыхьым и 10-м дэ газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу:5. Жьизум. **8.** Мэсей. **10.** Псысэ. **12.** Дыкъуэнагъ. **14.** Дыхьэрэн. **16.** Хъущэ. **18.** Къурэ. **19.** Нэд. **22.** Хьэлъкъ. **23.** Уасэ. **24.** Ерыщ. **26.** Уанэ. **31.** Шыбжий. **32.** Бланэ. **33.** Духьэшы. **36.** ЩІэщхьу. **37.** Гуанэ. **38.** Дыгъужь. **40.** ЩІыхуэ. **41.** ЩІэщ. **43.** Дыжь. **45.** Аму. **47.** ПхъэІэпэ. **49.** Іупэцабэ. **51.** Шынакъ. **52.** Пщтыр. **54.** ХьэІупэ.

Къехьу:1. Вы. **2.** Куба. **3.** Хьэжы. **4.** Яе. **6.** Псыхъуэ. **7.** Лсэхъэн. **9.** Мыл. **11.** Куэщ. **13.** Нэпкъ. **15.** Хьэлу. **17.** Хьэлэбэлыкъ. **18.** Къуарт. **20.** Данэ. **21.** Псыхьэлъахуэ. **25.** Щолэхъу. **26.** Занэгу. **27.** Пшэ. **28.** Бий. **29.** Суд. **30.** Къыр. **34.** Хъэрш. **35.** Кьуныжь. **39.** ЖьакІуэ. **40.** ЩІакІуэ. **42.** Щащыу. **43.** Дудакъ. **44.** Пхъ. **46.** Гъубж. **48.** Пльыр. **50.** Пхъэр. **53.** Щэ. **55.** Пэ.

●ХъыбарегъащІэ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум и щІыхькІэ Совет Союзым и ЛІыхъужь Яхэгъауэ Михаил и саугъэтыр кьахьэхун папщІэ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыІэ республикэ картодромым КъБР-м и РОСТО (ДОСААФ)-м Къэбэрдей-Балъкъэрым картингымкІэ и чемпионатым и япэ Іыхьэр мэлыжьыхьым и 17 - 18 махуэхэм иregъэкІуэкІ. Зэпеуэм хэтынущ Урысей Ипщэм и спортсмен нэхъыфІхэр.

Мэлыжьыхьым и 18-м сыхьэтыр 10-м зэхьэзэхуэр кьызэІуахынущ.

НапэкіуэцІыр зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Бзылъхъугъэм и нэпсыр псалъэмакъыр кьызэрыпищэ Іэмалщ.

МАСТРОЯННИ Марчелло.

Щхьэж и щхьэм хуищІыж пщІэм хуэдизщ и ныбжьэгъум кьыхунгъэфащэри.

ЦИЦЕРОН Марк.

Псоми гъунапкъэ гуэр яІэщ.

ГОРАЦИЙ.

Іущагъым и лъабжьэр шы-Іэныгъэрщ.

ПЛАТОН.

● Цыхухэхуэхэм я гупсысэхэр

Іущагъым и лъабжьэр шыІэныгъэрщ

ПщІыпсыр гурыхуэу щытын хуейщ.

КВИНТИЛИАН.

Къарур кьыумыгъэсэбэпауэ зыхуэдизыр пщІэркъым.

ГЁТЕ.

Ветеранхэм захудогъазэ

Т ЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур зэрагъэлъэпІэнум хиубыдэу УФ-м и Федральнэ Іэпхъуэщапхъуэ кьулыкъум и Управленэу (УФМС) КъБР-м щыІэр, «Урысей Федерацэм и гражданствэм и Іуэхукіэ» Федральнэ законым и 14-нэ статьям и 5-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ Хэку зауэщхуэм и ветеранхэу СССР-у щытам и гражданствэ зиІэхэу республикэм щыпсэухэм (пІаТъэкІэ щыпсэуну хуитыныгъэ зиІэхэм, щыпсэуну зэрыхунтымкІэ нэхъапэм щыпсэу щыпІэм зэрыщатхамкІэ) урысей гражданствэ нэхъ псынщІагъуэу зыІэрагъэхьэным теухуауэ ящат лъэІухэм хопльэ.

Зи гугъу тщІам хиубыдэ щыхуэхэм дыныволъэІу Урысейм и ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм зызэвгъэзэну. *ХэщІапІэр:* **Палшык къалэ, Пэгумэн и уэрам, 64-а, телефонхэр: 77 - 00 - 89, 77 - 75 - 36.**

Сыхьэтэ 9-м щыщІэдзауэ 18 хъуауэ щІыхуэхэм дэфтэрэр ящІащ «Ветеранхэм ятеухуауэ» 1995 гъэм кьыдэкІа Федеральнэ закон № 5-ФЗ-м и 28-нэ статьям ипкъ иткІэ апхуэдэ щІыхуэхэм я статусым щыхьэт техьуэ тхыльхэм япкъ иткІэ.

Урысейм и ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапі.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Гъущіо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущапхэхэм ядзлъэхьэмыкІэ - 42-22-88; ешІэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапхэм - 42-26-41; суэтэтхым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Іэ зезыхьахэм яхуэныкъо и пщІэ дальщ КъБР-м федральнэ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрикъум жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдуард, редактор Жыласэ Замир, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.),* **Цей Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьэу Анжелэ,** *суэтышІ* **Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.125●Заказ №1079